



POLITIK ENSTITISYONÈL NAN ZAFÉ JAN NAN CLADE

Realizasyon:



Campaña
Latinoamericana
por el Derecho
a la Educación



Realizasyon

Kanpay Amerik Latin pou Dwa pou Edikasyon (CLADE)

Kowòdinasyon Rejyonal

Nelsy Lizarazo

Redaksyon

Laura Giannecchini (de CLADE) ak Tita Torres (de REPEM), sou baz diskisyon **Gwoup Travay de Clade sou Jan** ki genyen ladan li Raquel Fuentes, Ángel Osmar Escobar, Angie Castro, Arlen Maria Mendoza, Breydi Merari Hernandez, Cecilia Lazo, Gabriel Villarpando, Imelda Arana, Ericka Alvarado, Gloria Ordoñez, Guadalupe Ramos, Irma Ramos, Jazmin Elena, Karla Rodriguez, Leticia Mamani, Liz Marco, Luz Palomino, Madisson Majano, Marcela Morales Quiroga, María del Rosario Amarilla, María Fernández, Mariana Zeballos, Mariela García, Miguel Ángel Dueñas, Miguel Marca, Mónica Guevara, Nelsy Lizarazo, Norma Amaya, Orlando Munguía, Raquel Romero, Rodolfo Vargas, Rosa Virginia Sanchez, Rose Mary, Sjello Hiebner, Thais Iervolino, Violeta Costas, William Thelusmond, Xenia Gavalda, Yasmeri Rosibel Ponce e Yovana Nina. Yo bay remèsiman patikilye pou fasilite disikisyon yo ki fèt pa Ana Raquel Fuentes ak Sjelle Hiebner.

Tradiksyon

Emmanuel Samuel

Komite Pilotaj Clade

Ajenda Sitwayen pou Edikasyon nan Costa Rica

Kanpay Ajantin pou Dwa pou Edikasyon

Kanpay pou Dwa Edikasyon nan Meksik

Kowalisyon Kolobyen pou Dwa pou Edikasyon

EDUCO

Fowòm Dakar Ondiras

Fowòm Sosyoedikatif Repiblik Dominikèn

Òganizasyon Mondyal pou Edikasyon Preskolè – Rejyon Ameririk Latin

Oxfam IBIS

Rezo Espas San Fwontyè

CLADE konte ak sipò finansye nan men:

Edikasyon Awotwva/Patenarya Global pou Edikasyon ak Oxfam IBIS

Echanj Konesans ak Inovasyon (KIX) / Patenarya Mondyal pou Edikasyon (AME) ak Sant Rechèch

Devlopman Entènasyonal (IDRC)

Asosyasyon Alman pou Edikasyon Granmoun

Open Society Foundtions

Oxfam IBIS

Biwo CLADE

Av. Prof. Alfonso Bovero, 430, cj. 10 Perdizes

Sao Polo - SP - CEP 01254-000, Brezil

Telefòn: 55 11 3853-7900

E-mail: clade@redclade.org

www.redclade.org

Vèsyon mas 2023

Yo pèmèt repwodiksyon pasyèl oswa total dokiman sa a, depi kontni li yo pa chanje epi yo site sous la.



Índice

Prezantasyon	4
Objektif politik	5
Prensip Gid Politik.....	5
Kontèks rejyonal.....	8
Kad nòmatif ki ankouraje egalite jan nan e atravè edikasyon	9
Politik an pratik.....	10
Endikatè suivi.....	15
Rekòmandasyon pou renouvle angajman.....	16
Anèks: Glosè	17



Prezantasyon

Kanpay Amerik Latin pou Dwa Edikasyon (CLADE) se yon rezo pliryèl de òganizasyon nan sosyete sivil la ak prezans li nan 18 peyi nan Amerik Latin Karayib la, ki ankouraje aksyon mobilizasyon sosyal ak pledwaye politik pou defann dwa moun pou yon edikasyon transfòmatis, piblik, layik e gratis pou tout moun pandan tout lavi epi kòm responsablite Leta. Rezo a dedye pa sèlman afimasyon dwa moun nan edikasyon, men tou ranfòsman demokrasi aktif ak patisipatif.

Depi nan konstitisyon li, kesyon jan yo te nan sant deba rezo a. Etid, piblikasyon, kou ak evènman diferan kalite yo te fèt sou relasyon ki genyen ant jan ak edikasyon. Pa gen lontan, CLADE, te pwodui politik enstitisyonèl pou gide adopsyon yon apwòch jan nan Kowòdinasyon Rejyonal li a, ki te Pèmèt kreyasyon enstriman ki tou konstitiye yon kontribisyon pou manm yo nan rezo-a, patnè ak enstans founisè yo. Pami yo, genyen [Kòd Konduit e Politik ak angajman pou Prevansyon ak Lit kont Asèlman, Abi ak Eksplwatasyon Seksyèl](#).

Epitou, kòm manm nan Kanpay Mondyal pou Edikasyon (KME), rezo-a adopte [Estrateji nan zafè jan CME a](#), ki vize fè pwomosyon ak ankouraje jistis nan zafè jan nan ak atravè edikasyon ki konsantre sou senk domèn: egalite jan ak non-diskriminasyon; edikasyon transfòmatis nan zafè jan; edikasyon ak pèspektiv jan nan konfli ak kriz; edikasyon non-seksis; ak finansman pou edikasyon ak pèspektiv jan.

An 2021, pou premye fwa, CLADE te bay manm li yo fòmasyon sou transvèsalizasyon nan pèspektiv jan. Kontni fòmasyon sa-a te sistematize nan senk dokiman (Modil [1](#), [2](#), [3](#), [4](#) ak [5](#)). Apre eksperyans sa-a, yo te idantifye nesosite pou etabli yon **Gwoup Travay sou Jan** pou kenbe deba ak aksyon pèmanan konsènan jan ak dwa moun nan edikasyon.

Gwoup la te komanse nan mwa jen 2022 e kounye a li gen 38 manm – pi fò nan yo se manm rezo a. Premye defi li se te kreye yon bouyon pou Politik enstitisyonèl Jan pou ranfòse egalite jan nan aktivite chak jou ak nan aksyon politik rezo-a, kòm etap esansyèl nan direksyon egalite jan¹. Pwosesis la te trè anrichisman, li te kòmanse apati divès eksperyans ak konesans tout rezo-a, nan lekti politik lòt enstitisyon yo ak nan deba pami kanmarad yo. Yo Bouyon an te imedyatman pataje ak Asanble Jeneral CLADE la epitou apwouve l.

Dokiman-an se rezilta travay sa a. Se yon politik enstitisyonèl ki adopte yon pèspektiv dekolonyal, kominotè ak enklizif epi ki sipoze entèseksyonèl kòm yon estrateji analitik, pou montre kijan divès sistèm opresyon yo sipèpoze, ki baze sou patriyaka kòm estrikti atikilatis lòt opresyon, pou ranfòse inegalite yo. Menm jan-an tou, li gen entansyon kontribiye pou apwòch jan nan fè pati nan tout operasyon CLADE ak manm li yo, enspire chak òganizasyon yo bati pwòp chemen yo dapre kontèks nasyonal la, men kondui pa eksperyans nan rezo rejyonal la.

¹ Egalite nan dwa ak pouvwa ant jan se yon orizon ki dwe reyalize, pi plis toujou si yo pran an konsiderasyon agrandisman divèsite idantite jan ki egziste deja yo ak tout bagay ki gen rapò ak yo. Chemen nan egalite vle di rekonèt faktè estriktirèl, kolektif ak Pesonèl ki limite l epi pran "etaj" sa a kòm pwen depa pou ankouraje aksyon nan direksyon li. Se a sa konsèp ekite jan an refere l: rekonèt "planche yo" ak "plafon yo", adopte mekanis ki pèmèt diferans(disparite) ki egziste deja yo dwe transfòme. Yon egzanp nan mekanis sa yo rele "aksyon afimatif", tankou kwota pou patisipasyon politik fanm yo, ki ranfòse demokrasi, benefisyè sosyete an antye.



Nou dwe konprann dokiman sa a kòm pwosesis vivan ak pwodiksyon kolèktif nan konesans, ki fè vizib yon pozisyon politik ak etik nan rezo-a ak yon konesans an konstriksyon. Li pral pran sans pandan politik la ap vin yon reyalye nan pwosedi enstitisyonèl ak administratif yo, ak nan politik ak pwopozisyon rezo a, epitou kòm li revize selon nouvo bezwen yo.

Nou envite w kontinye bati istwa sa a!

Objektif politik

Anplis yon dokiman konseptyèl, politik enstitisyonèl jan sa a ap chèche **gide tou pratik chak jou nan rezo CLADE nan direksyon egalite jan ak travay li yo ak aksyon politik**, ki kontribye depi nan dinamik òganizasyonèl yo nan rezo a pase nan konstriksyon yon sosyete pi jis.

Se pou tèt sa objektif li **transfòmasyonèl**. Objektif li se transvèsalize ak klarifye² pèspektiv jan nan domèn estratejik, politik-pwogramatik, politik-enstitisyonèl ak administrativ-finansye nan rezo a, nan presize aksyon konkrè nan lide pou balanse inegalite jan yo. Yo prevwa politik sa a depase domèn Kowòdinasyon Egzekitif Rejyonal CLADE la, ki rive chak jou ak travay chak manm li yo.

I. Prensip Guid politik la

Depi yon moun fèt, li kategorize kòm "gason" oswa "fanm" dapre yon seri karaktè byolojik kote yo asiye ba yo kontni kiltirèl yo. Ansanm ak sa a, yon seri wòl, estereyotip, valè, konpòtman, tradisyon, koutim ak opòtinite yo atribiye a li. **Jan** an refere a karakteristik sa yo ki **pa natirèl** men ki **konstwi sosyalman**, ki chanje avèk yon tan selon kontèks sosyal, istorik, kiltirèl, ekonomik, politik, teknolojik, ideolojik ak anviwònman kote chak moun ensere ([CLADE, 2022](#)).

Etid ki pi resan yo elabore nan Teyori Queer³ la kreye nouvèl kategori ki te rann analiz ki te fèt nan teyori sèks-jan yo pi konplike, sa ki reprezante ekspresyon gwo divèsite imen an tèm idantite jan ak oryantasyon seksyèl. An reyalye, nouvèl kategori sa yo mete an kesyon binaris nan teyori sèks-jan an, ki te di sèks se te byolojik ak jan yon konstriksyon sosyal. Nan epòk sa a, teyori sa te rann li posib pou fè pwogrè enpòtan nan batay pou dwa fanm yo. Lè yo baze sou kesyon pansè feminis ak lòt moun kif è pwòp eksperyans yo, jodi a yo kòmanse

² Transvèsalite ak espesifikasyon se de estrateji pwogramatik ak operasyon ki jeneralman mete an pratik pou akonpaye pwosesis enkòporasyon pèspektiv jan yo atravè enstriman tankou estrateji ak politik pou jan, espesyalman nan espas miks. Transvèsalite a ap chèche ke pèspektiv jan-an prezan klèman nan tout dimansyon travay nan nenpòt enstans; espesifikasyon an ap eseye garanti aksyon afimatif an favè fanm yo, nan mezi kote ke egalite se toujou yon aspirasyon.

³ Pami referan Teotori Queer yo genyen filozòf Judith Butler ak Paul Beatrice Preciado, otè, pami lòt moun, nan Manifès Kontraseksyèl ak Yon Apatman sou Iranis – Kwonik Tranzisyon-an



pwopoze ke sèks, menm jan ak jan, se tou yon konstriksyon sosyal epi ke pa gen sèlman de sèks ni de jan⁴.

Apwòch jan an sou politik enstitisyonèl repoze sou **rekonesans nan divèsite moun**, ak sou valorizasyon idantite jan yo ak oryantasyon seksyèl miltip, ki kite sou kote pèspektiv binè nonm ak fanm sijan⁵.

Pèspektiv feminis depatriyikalizatis, dekolonyal, antikapitalis, kominotè, entèseksyonèl ak enklizif gide kad politik-filozofik li.

Pèspektiv feminis depatriyikalizatis, dekolonyal, anti-kapitalis, kominotè, entèseksyonèl ak enklizif⁶ gide kad politik-filozofik li. Kidonk, feminis yo rekipere, an pliryèl, eleman teyori ak pratik k ap chèche transfòmasyon sosyal an fas diskriminasyon jan, ki rekonèt simonte miltip inegalite favorize sosyete yo annantye.

Depi nan apwòch **depatriyikalizatè, dekolonyal ak anti-kapitalis**, yo pwopoze yon koupe fache ak estrikti epistemolojik ak sosyopolitik ki baze sou diskriminasyon, eksplwatasyon, dominasyon sèten gwoup sou lòt, sitou sibòdinasyon fanm yo, pèp endijèn yo, afro-desandan yo ak lòt gwoup istorikman majinalize, menmjan ak modèl devlopman akimilatè ak ekstrativis. Okontrè, li chèche rekonesans ak apresyasyon miltip fòm viv ansanm, konplemantè ak angaje nan byen viv, ann amoni ak Manman Latè.

Yo rekipere nan feminis kominotè⁷ pwopozisyon pou adopte yon **pozisyon plirivès ak kominotè**, ki refere a rekonesans miltiplisite mond yo, konsèp, reyalite, kò ak disidans nan opozisyon ak koutje endividyalis la. Bezwen pou valorize e sove konesans pèp natif natal ak lòt bèt ak plant vivan yo pou **mete lavi, dlo ak tè nan sant lit nou yo**. Olye pou yo reflechi sou fanm yo nan referans oswa opoze ak gason, kalite feminis sa a sitye tout moun an relasyon ak kominote a, mete aksan sou respè pou diyite moun.

Feminis entèseksyonèl Kimberlé Crenshaw pwopoze a rekipere rekonesans ke entèseksyon plizyè dimansyon idantite kreye diferan eksperyans ki gen diskriminasyon. Kidonk, li souliye li esansyèl pou konbine avèk analiz jan, kounyè a rekonsidere apati nan ekspresyon divèsite yo, lòt dimansyon tankou **klas, etni ak ras, orijin jewografik, laj, andikap, elatriye**. An reyalite, imajinè fanm yo kòm yon gwoup omojèn pa koresponn ak reyalite-a. Fanm yo divès epi yo soufri diferan **eksperyans diskriminasyon**, nou dwe rekonèt epitou

⁴ Menm jan l soti na Teyori Sèks-jan ak Teyori Queer la, li afime ke gen yon sèks genital, ki pa toujou binè. Men, gen tou yon sèks gonadik, se ògàn tankou pwostat la, matris la, ovè yo ak tete yo; anplis sa nan sèks òmonal ki gen rapò ak prezans nan òmòn "seksyèl" yo ki fòm li (pwòjèstewòn, testewòn ak lòt ankò). Pou plis sou kesyon sa-a, gade: Judith Butler, nan Jan an dispit – Feminis lan ak sibvèsyon idantite.

⁵ Filozòf feminis Judith Butler te envante konsèp sis-jan an pou refere moun ki konfòmman asime jan yo asiyen nan nesans la, oswa ki okòmansman fè eksperyans yon jistès ant jan ki te asiye lè yo fèt ak sèks genital yo. Yon politik sou jan kounya gen defi pou idantifye ak fòmile pwopozisyon pou lòt idantite jan, tankou moun transjan. Moun transjan yo se moun ki pa idantifye ak jan yo te asiyen yo a nan nesans yo dapre sèks genital yo. Menm bagay la tou aplike nan tout sa ki gen rapò ak divèsite chak fwa pi plis nan oryantasyon seksyèl ki te parèt nan lavi sosyal. (Tita Torres, nan Atelye sou jan ki te realize nan CLADE, 2022)

⁶ Menm jan machis se diskriminasyon kont fanm, rasis kont moun ki pa blan, ajis kont granmoun, kapasite se diskriminasyon kont moun ki gen divèsite fonksyonèl. Diskriminasyon sa yo base sou lide ke gen kò imen "nòmal" ak moun ki devye "nòmal" sa a gen mwens valè epitou yo pa apwoprye pou fé sèten aktivite. Lide enklizyon rekonèt ak valè tout moun, san diskriminasyon.

⁷ Sous: Chipana, Sofia (An jen 2021a). *Espiryalite zansèt ki mare ak fil kase epi brile*. In Dèyè Tras de Sofia. [Konferans]. Meksiko D. F., Meksik. E *Fanm e Sizyèm* (2020). Jounen Ekofeminis Anti Ekstrativis pou Byen Viv. Amerik Latin, 27 de jiyè.



adrese politikman. Li klè ke tip diskriminasyon yon fanm blan ak yon wo pwofil sosyoekonomik sibi pa menm jan ak sa yon fanm transjan, afro-desandan, apovri ak/oswa andikape soufri. Nan politik sa a, nou eseye sansib divès eksperyans sa yo, nan lide pou simonte tout fòm diskriminasyon.

Depi nan **règ enklizyon an**, yo adopte yon apwòch ki bay valè divèsite moun epi k ap chèche kreye yon sosyete ki respekte tout diferans, ouvè ak ekitab, ki nan domèn edikatif vle di garanti edikasyon abòdab, aksesib, akseptab epi adapte pou bezwen tout moun.

Finalman, youn nan fondasyon politik sa a se yo dwe travay sou apwòch jan yo nan fason **transvèsal** epi yo pa izole sou responsablite yon moun oswa yon sektè espesifik. Okontrè, apwòch jan yo dwe **mete nan sant la epi pa sou kote nan tout domèn nan lavi òganizativ rezo a** epi, kidonk, tout moun nan enstitisyon an dwe travay sou li. Pou sa, yo mande patisipasyon tout gwoup sosyal yo pou refleksyon, ki tonbe daplon, aplikasyon ak responsablite yo, jan sa te fèt pandan preparasyon dokiman sa a.

Men, transvèsalizasyon an pote risk pou yo dilye, pèdi nan enstitisyon an paske li pa vizib konkrètman. Pou fè fas ak defi sa a, politik sa a ap chèche defini **aksyon espesifik, prensipalman afimatif ak enklizif**, pou vanse nan direksyon egalite jan; toujou nan afine aspirasyon nan egalite jan ale nan rekonesans gason ak fanm nou sou diferan "etaj" e sa a dwe pran an konsiderasyon, se tankou se soti nan "etaj" sa a diferan nan chèche ekite jan konfigire tankou yon pa entèmedyè nan direksyon egalite nan domèn sa a. Menm jan an tou, politik sa a pral sistematikman revize selon dinamik sosyal ak chanjman yo, bezwen yo ak atant nan rezo a.

I. Kontèks rejyonal

Sosyete latinoamerikèn ak karayib yo trè patriyakal epi yo repwodui estereyotip ak atant jan yo. Kidonk, fanm, omoseksyèl ak tout moun ki gen lòt idantite sekso-jenerik ki pa binè pa gen menm valè oswa menm dwa ak gason etewoseksyèl oswa sijan - menm lè yo nwa oswa ki soti nan pèp endijèn yo, ki gen andikap oswa ki apovri.

Sa a reflekte nan gwo pousantaj diskriminasyon ak vyolans kont moun sa yo. Genyen diferan atant pou yo, tankou si youn oswa lòt pa t gen kapasite nan fè sèten travay, asime sèten kalite travay epi patisipe nan lavi piblik, ki jenere konsekans nan estim de swa pwòp tèt yo, diferans nan salè yo, vyolans sikolojik ak fizik, pami lòt yo. Jan UNICEF ([2019](#)) fè remake, Amerik Latin ak Karayib la gen ladan 14 nan 25 peyi yo ki gen pi gwo kantite feminisid mondyal; epi li pa posib pou redui maryaj timoun oswa inyon bonè nan rejyon an.

Nan kontèks etewopatriyakal sa a, espas pou sosyalizasyon tankou fanmi, legliz, enstitisyon politik, ak medya yo jwe yon wòl fondamantal. Lekòl yo santral nan pwosesis sa a epi nou dwe rekonèt yo jwe yon wòl ki ka karakterize kòm doub: yo kapab yon motè pou repwodiksyon inegalite ak diskriminasyon jan (paske yon edikasyon seksis kreye ekspresyon ki nourri sistèm patriyakal la) oswa li kapab yon motè pou emansipasyon endividi a epi transfòmasyon sosyal.

Kidonk, nan 20 dènye ane ki sot pase yo, Amerik Latin ak Karayib la (ALC)) te fè pwogrè nan direksyon egalite jan nan aksè a edikasyon. Daprè done Rapò Rejyonal sou Sistèm Siveyans pou Finansman Dwa Moun nan Edikasyon CLADE te prepare an 2022, an 2000 pou chak 100



timoun ak adolesan ti gason nan rejyon an, 96,4 tifi ak adolesan fanm te ale nan klas segondè. Depi an 2020, pwopòsyon an te monte a 99.8 tifi ak adolesan fanm.

Si done total yo pote espwa, analiz chak peyi se yon rezon dalèt. Nèf peyi nan rejyon an - Nikaragwa, Ondiras, Irigwe, Kosta Rika, Brezil, Kolonbi, Paragwe, Repiblik Dominikèn epi Panama - te vin pi mal nan endikatè parite jan yo nan edikasyon ant 2000 epi 2020. Menm jan an tou, pi lwen pase aksè, kenbe lekòl nan rejyon an pami gwoup istorikman majinalize se mangonmen. Pa egzanp, ant laj 6 ak 11 an, 90% tifi endijèn ale lekòl. Men, pandan y ap avanse nan trajèktwa edikasyon yo, sèlman 15% fanm endijèn ki gen laj 10 ak 19 an fini edikasyon segondè yo. Menm jan an tou, nan anpil peyi, tankou Bolivi, Meksik ak Perou, endis analfabetis yo siyifikativman pi wo pami fanm dapre Rapò Rejyonal REPEM 2019 la.

Malgre kontèks sa a, edikasyon kapab genyen tou yon karaktè politik, emansipatè epi ankouraje panse kritik. Lè sa rive, pwosesis sosyalizasyon ak aprantisaj sa a fòme sitwayen ki angaje nan viv ansanm demokratik, transfòmasyon sosyal ak simonte relasyon inegal pouvwa ant moun, ki brize imajinè nan devwa jan yo.

Pou defye ejemoni patriyaka a, li enpòtan pou aplike yon edikasyon ki pa seksis epi detekte dispozisyon patriyakal epi seksis yo ki manifeste nan pratik sal de klas, nan izaj diferansye espas eskolè a, nan kourikouloum, nan liv lekòl yo, pami lòt ankò. Edikasyon ki pa seksis epi enklizif rekonèt nesosite pou elimine baryè ideyolojik, kiltirèl ak estriktirèl pou garanti egalite ant jan epi simonte diskriminasyon epi vyolans ki baze sou jan (CLADE, 2016, p. 7). Menm jan an tou, edikasyon layik se kle nan adopsyon pèspektiv kritik-reflexif epi jan nan edikasyon, paske pozisyon layik lan asire libète dekspresyon ak kil moun yo, epi li baze sou separasyon ki genyen ant kwayans prive ak espas piblik la, menmjan nan prensip libète epi jistis sosyal ([Morales García ak Ramírez, 2018](#)).

Angajman pou non-diskriminasyon ak reyalizasyon dwa moun nan edikasyon se responsablite Leta yo, ki se garan dwa moun. Adopte yon pèspektiv jan nan tout politik piblik se fondamantal pou reyalize jistis jan. Men, se pa tout Leta nan rejyon an ki gen politik piblik ki ankouraje egalite jan nan edikasyon. Pandan nan Kosta Rika ak Kolonbi politik sa yo absan, Bolivi, Chili, Perou ak Irigwe gen politik favorab (Rapò Rejyonal sou sitiwayon edikativ fanm ak tifi, REPEM, 2019). Pou rezon sa a, CLADE kontinye enfliyanse defans yon edikasyon layik, ki pa seksis, emansipatris ak enkliziv pou tout moun.

II. Kad nòmatif ki ankouraje egalite jan nan ak atravè edikasyon

An tèm de dwa moun nan edikasyon ak egalite jan, gen plizyè enstriman nòmatif tankou konvansyon, deklarasyon, rekòmandasyon ak kad aksyon prepare pou òganizasyon tankou Nasyonzi epi adopte pa UNESCO ak peyi manm yo. Kad nòmatif sa yo enpòtan anpil paske yo pèmèt transparans ak responsablite peyi yo epi fòme angajman Eta Manb yo pou yo ka aplike nan echèl nasyonal, rejyonal ak mondyal (Novillo nan Edikasyon ak Jan, 2021).

Nan sans sa a, kad nòmatif pou politik enstitisyonèl sa a swiv enstriman legal Òganizasyon Nasyonzi sa yo:

- [Deklarasyon Inivèsèl Dwa Moun \(1948\)](#)
- [Konvansyon sou Lit Kont Diskriminasyon nan Domèn Edikasyon \(1960\)](#)



- [Konvansyon Entènasyonal sou Eliminasyon tout Fòm Diskriminasyon Rasyal \(1965\)](#)
- [Pak Entènasyonal sou Dwa Ekonomik, Sosyal ak Kiltirèl \(1966\)](#)
- [Konvansyon sou Eliminasyon tout Fòm Diskriminasyon kont Fanm \(1979\)](#)
- [Konvansyon sou Dwa Timoun \(1989\)](#)
- [Pwotokòl Opsyonèl nan Konvansyon sou Dwa Timoun sou vant timoun, pwostitasyon timoun ak pònografi timoun \(2002\)](#)
- [Konvansyon sou Dwa Moun Andikape yo \(2006\)](#)

Nan yon lòt bò, li adere ak konferans entènasyonal ki gen rapò ak dwa moun nan edikasyon.

- [Konferans Mondyal pou Ane Entènasyonal Fanm \(1975\)](#)
- [Deklarasyon ak Platfòm Daksyon de Beijing \(1995\)](#)
- [Agenda 2030 pou Devlopman Dirab ak Objektif Devlopman Dirab li yo \(2015\)](#)
- [Agenda Edikasyon 2030 ak Kad Daksyon de Incheon \(2015\)](#)
- [Deklarasyon New York pou Refije ak Migran \(2016\)](#)

An tèm rejyonal, yo konsidere konvansyon ak angajman sa yo ki pètinan pou gide kad nòmatif politik enstitisyonèl sa a:

- [Chat Organizasyon Eta Ameriken \(Arts. 3, 49, 50\), de 1948](#)
- [Konvansyon Amerikèn sou Dwa Moun \(Pak de San José\), de 1978](#)
- [Pwotokòl Adisyonèl nan Konvansyon Amerikèn sou Dwa Moun nan Domèn Dwa Ekonomik, Sosyal ak Kiltirèl \(Art. 13\), de 1988](#)
- [Konvansyon Entè-amerikèn pou Prevni, Pini ak Eradike Vyolans kont Fanm \(Konvansyon de Belém do Pará\), de 1994](#)
- [Konvansyon Entè-amerikèn sou Eliminasyon Tout Fòm Diskriminasyon kont Andikape \(Art. 3\), de 1999](#)
- [Konvansyon Entè-amerikèn sou Pwoteksyon Dwa Gran Moun \(2015\)](#)
- [Konsansis Montevideo sou Popilasyon ak Devlòman nan Amerik Latin ak Karaib la \(2015\)](#)

III. Politik an pratik

Politik sa a ap chèche adrese kat dimansyon nan lavi enstitisyonèl CLADE: **planifikasyon estratejik, politiko-pwogramatik, politiko-enstitisyonèl, ak administrativo-finansye**. Nan objektif pou apwofondi sijè ki abòde politik nan chak aks sa yo, yon rega andedan rezo a ak yon lòt deyò li detaye anba a.

Li nesèsè tou pou mete aksan sou nenpòt politik enstitisyonèl oswa òganizativ sou jan dwe gen pwen referans fondamantal:

- Yon **Estrateji Jan** ki gide nan mwayen epi alontèm epi ki gen ladan l aspirasyon etik ak politik konsènan relasyon ant ak anndan jan yo, menm jan ak pozisyon etik ak politik alantou ekspresyon divès kalite idantite jan ak oryantasyon seksyèl; ki bay tou endikasyon nan pwen darive ak faz pou franchi pou atenn yo.



- Li dezirab pou yon politik jan gen kòm referans tou yon **Liy Baz de Jan** ki idantifye kondisyon kalitatif ak katitatif ki karakterize yon eta de zafè sou tan an tèm de jan ak divèsite. Nan yon lòt mo, li toujou enpòtan pou gen “yon etaj” nan zafè jan epi yon “plafon” tankou yon aspirasyon. Nan sans sa a, gen twa enstriman esansyèl: estrateji jan; politik jan; ak liy de baz jan.

Nan ka CLADE, jan yo te mansyone, rezo a te deside adopte kòm pwòp [Estrateji Jan nan CME](#) a, elabore ak kontribisyon manm li yo epi ki dyaloge ak aspirasyon yo nan CLADE. Liy Baz Jan an pral yon efò CLADE ankouraje. Apre sa, refleksyon yo pou mete pèspektiv jan nan kat dimansyon lavi enstitisyonèl yo mansyone.

1. Dimansyon planifikasyon estratejik

Pou kenbe yon pèspektiv ki sansib nan zafè jan nan mwayen ak long tèm, li enpòtan pou planifikasyon estratejik gen ladan yon apwòch jan tankou yo te devlope nan paragraf anvan yo. **Misyon an, objektif alontèm, prensip k'ap gide aksyon politik la, analiz kontèks, wout chanjman yo, objektif ak estrateji** rezo a dwe toujou genyen yon pèspektiv jan.⁸

Misyon CLADE reitere angajman pou dwa moun nan edikasyon transfòmatis, piblik, layik epi gratis pou tout moun pandan tout lavi. Espesyalman, nan [Plan Estratejik 2023-2026](#), apwòch entèseksyonèl dwa moun yo evidan nan direktiv yo pou aksyon li yo, ak anfaz espesyal sou jan, enklizyon ak entèkiltiralite. Fèmti nan twou vid ki genyen nan politik piblik ak bidjè, menmjan tou nan narativ yo sou dwa moun nan edikasyon (DHE) tou make nan chanjman yo espere pou aksyon politik yo.

Pou reyalize epi ateri ak prensip sa yo nan tout planifikasyon an, **plan fonksyonman anyèl** CLADE yo dwe gen ladan aktivite espesifik pou ankouraje egalite jan yo. Li konsènen **Gwoup Travay (GT) Jan pou kontwòl epi sipòte teknikman** pou aksyon yo gen yon pèspektiv jan. Menm jan an tou, l ap chèche kreye yon mekanis pou siveyans ak evalyasyon aktivite yo, pou yo emplantante, pwogrè yo anrejistre epi fè chanjman lè sa nesèsè.

2. Dimansyon politiko-pwogramatik

Pèspektiv jan an dwe transvèsal ak tout aksyon politik epi pwogramatik CLADE. **Lèti kontèks politik** yo pral gen ladan apwòch jan yo, analize fason chak sitiyasyon edikasyon yo fè eksperyans yon fason diferan pa moun ki gen diferan idantite sèksò-jenerik. Pou sa, li pral chèche **tabli yon dyalog laj ak** reprezantan **gwoup epi kominote** ki te istorikman majinalize yo epi ki pi soufri nan diskriminasyon, ki pral gen garanti yon **anviwònman lib** ki san vyolans ak **patisipasyon** nan deba nan egalite nan kondisyon.

Tout pwogram CLADE yo pral gen **aktivite ak materyèl ki gen rapò ak jan**. Nan **etid ak piblikasyon** rezo a ap chèche prezante done pou vizibilize inegalite sou jan epi diskriminasyon. Nan planifikasyon aktivite sansibilizasyon epi mobilizasyon sosyal, yo pral chèche **parite jan ant entèvenan ak patisipan** yo. Menm jan an tou, efò kreyatif yo pral fèt pou fasilite patisipasyon divès idantite yo epi sitou pou vizibilize bezwen espesifik ak revandikasyon yo nan domèn edikasyon an.

⁸ Este ejercicio debe estar orientado por la Estrategia de Género de la CME mencionada en párrafos anteriores. En el caso de CLADE, este instrumento es la Estrategia de Género de la Campaña Mundial por la Educación, la cual orienta e informa la planificación estratégica de esta instancia.



Pwopozisyon pou politik piblik, kad nòmatif ak bidjè edikatif CLADE prepare yo pral chèche demontre inegalite jan nan diferan domèn edikasyon, fè rekòmasyon pou simonte diferans jan yo. **Kominikasyon** emprime, odyovizyèl, sou entènèt epi rezo sosyal yo pral tou sansib pou jan.

Finalman, nan **tab dyalòg ak otorite** politik yo, palmantè yo, reprezantan Ministè Edikasyon, Finans ak lòt, epi tou nan odyans piblik yo, espas pou pledwaye nasyonal, rejyonal epi mondyal, CLADE pral chèche bay edikasyon non-seksis priyorite san diskriminasyon, transvèsalizasyon an nan pwoblèm ki gen rapò ak jan nan politik ak kad nòmatif. Li pral defann tou pou patisipasyon tifi, fanm ak moun ki gen idantite jan **non-binè, si-jan ak transjan nan deba ak pran desizyon** nan politik edikativ.

3. Dimansyon politik-enstitisyonèl

Pèspèktiv jan yo konprann kòm yon **pwosesis** pèmanan nan CLADE, detanzantan revize ak pèfeksyone. Li **transvèsal** nan tout pratik, men tou li gen aksyon **espesifik**.

Rezo a gen **politik enstitisyonèl** pou garanti ke espas travay la pa toleran nan sa ki gen pou wè ak asèlman, abi epi eksplwatasyon seksyèl epi nenpòt lòt kalite vyolans ak asèlman seksyèl ([gade Kòd Konduit](#); [Manyèl Enstitisyonèl CLADE la](#); epi [Politik pou Prevansyon ak Lit kont Asèlman, Abi ak Eksplwatasyon Seksyèl](#)). Ni sitiasyon sa yo pa tolere ant manm yo, patnè ak founisè rezo-a. Nan ka vyolans, yo pral **aktive pwotokòl** pwoteksyon ki prevwa nan [Politik CLADE la](#).

Nan ka **estrikti òganizativ** rezo a, espas priz desizyon yo, tankou Komite Pilotaj CLADE, yo sansib ak **parite jan ak egalite nan kondisyon pou patisipasyon** gason, fanm ak moun ki gen idantite sekso-jenerik non-binè.

Menm jan an tou, nan espas pledwaye kote CLADE patisipe yo, n ap chèche **reprèzantasyon ekstèn ki dwe parite** nan delegasyon yo ak evènman entènasyonal yo, epi nan ka reprèzantasyon endividyèl yo gen yon altènans, ki favorize reprèzantasyon fanm ak moun ak idantite jan non-binè tankou yon aksyon afimativ.

Menm jan an tou, CLADE pral devlope mekanis ak enstriman pou kolekte demann epi pwopozisyon espesifik sou jan epi divèsite, pou garanti pozisyon yo anndan kou deyò, pi lwen pase reprèzantasyon prezansyèl.

Imaj piblik CLADE la, yon lòt bò, dwe reflekte travay feminis, entèseksyonèl, anti-kapasitis, dekolonyal ak anti-rasis, kontribye nan transfòmasyon nan direksyon pou egalite jan depi nan edikasyon. Nan aksyon **kominikasyon**, oral tankou ekri, yo adopte yon lang ki pa **seksis epi enklizif**. CLADE gen yon [Manyèl Kominikasyon Enklizif](#) ki bay valè patisipasyon ak kontribisyon divès vwa epi ki atire atansyon pou evite itilize estereyotip jan nan imaj ak foto ak nan naratif òganizatif enprime, sou entènèt ak sou rezo sosyal yo. Kidonk, li chèche kenbe yon idantite piblik feminis, entèseksyonèl, dekolonyal, anti-rasis ak anti-kapasitis.

Aksyon pou **refleksyon kolektiv ak fòmasyon** sou egalite jan epi non-diskriminasyon yo te mete an plas. Sa yo dwe fèt detanzantan pou mete ajou konesans, ankouraje echanj eksperyans ak aprantisaj nan mitan manm ak nouvo moun ki rantre nan rezo a.



Lè **alyans estratejik** yo tabli, yo pral chèche patenarya ki angaje nan egalite jan epi non-diskriminasyon, ki pral pèmèt rezo a ranfòse pèspektiv jan an. N ap chèche kolaborasyon aktif ak mouvman feminis pou atire atansyon sou enpòtans edikasyon epi entèseksyon dwa moun nan edikasyon epi lòt dwa ak lit sosyal, ansanm ak lòt mouvman ki angaje nan egalite jan yo. Finalman, **nou p ap aksepte finansman** nan men òganizasyon epi moun ki gaye diskriminasyon ak prejije.

4. Dimansyon administrativo-finansyè

Pwosedi administrativo-finansye yo dwe adopte tou yon apwòch jan. Konsènan **politik anbochaj** li, CLADE anbrase divèsite moun epi li pa tolere diskriminasyon ki baze sou idantite jan, klas, etni epi ras, orijin, laj, andikap oswa nenpòt lòt karakteristik moun. Okontrè, anvan prezantasyon an nan moun ki gen menm fòmasyon epi eksperyans pwofesyonèl, **aksyon afimativ** yo pral adopte, rekòmande anbochaj la nan moun nan ki gen karakteristik ki gen tandans ankouraje esklizyon yo nan mache a.

Yo pa diskrimen moun ki gen matris ak moun ki gen règ yo pou gwosès posib (avni) ak responsablite swen. Okontrè, yo adopte yon politik **salè egalite**, ak **espas fizik enklizif ak konje parantal anakò ak lejislasyon nasyonal la**. Lè peyi rezidans lan pa bay li, nòmativ Òganizasyon Entènasyonal Travay la pral adopte, ki rekòmande yon minimòm 12 epi preferans 14 semèn konje parantal ak yon salè pa pi piti pase de tyè nan revni asirans anvan yo, ak tout avantaj sanitè ([ILO](#)).

Yo rekonèt ke swen se pa sèlman yon responsablite matènèl, kidonk si sa nesesè, yo pral dakò sou **jounen fleksib yo**, espesyalman pandan peryòd laktasyon an. Menm jan an tou, espas travay fizik la pral gen espas pou bay tete epi yo pral enklizif tou pou moun ki gen andikap chak fwa sa posib.

Menm jan an tou, **webinar yo pral fèt sou Politik Jan** ak lòt dokiman nan kad pwosesis endikasyon pou nouvo kolaboratè ak manm yo, pou tout moun sansibilize epi rekonèt enpòtans yo bay pwoblèm sa a nan rezo a.

Ekzekisyon tout angajman ki make nan politik sa a pa ka fèt san yo pa konsidere **aks bidjetè** a. Kidonk, bidjè pwòp CLADE la pral enklizif ak sansib nan zafè jan. Elaborasyon anyèl li pral gen "depans ki etikete pou fanm"⁹.

Otank posib, nan bidjè tout aktivite prezansyèl, y ap mete yon pousantaj resous pou garanti ak rann viab patisipasyon egalite fanm yo epi toujou garanti omwen 40% ladan yo, yon fason pou li favorize patisipasyon kèk nan evènman prezansyèl, nan kad orè epi kondisyon pou deplasman. Y ap konsidere evantyèlman konje matènite ak parantal ak benefis pou anplwaye yo ki gen timoun ak adolesan. Bidjè yo pral de preferans fèt nan yon fason patisipatif pou yo reflekte bezwen sa yo nan fason ki pi reyalis posib.

⁹Depans yo mete pou fanm yo se yon aksyon afimativ ki garanti resous finansye espesifik pou aktivite ki fèt sèlman ak fanm oswa pou garanti patisipasyon yo nan aktivite òdinè òganizasyon yo. Resous sa yo ka itilize pou asire transpò fanm, fanm trans ak moun non-binè e akomodasyon ki an sekirite. Pa egzanp, ke yo pa oblije vwayaje nan mitan lannwit epi garanti lòjman yo lè yo rive nan vil ki toupre kote rezidans epi pa gen transpò posib ankò. Menm bagay la tou pral fèt peman swen pou tifi, ti gason ak granmoun, enfimye ak andikape ke fanm responsab.



Yo pral evalye posiblite pou kreye yon kont satelit nan yon nivo kontablite ki anrejistre ak valè monetè kontribisyon nan travay domestik ak swen ki enplike nan fè aktivite prezansyèl pou CLADE. Swa paske patisipasyon gason an baze sou swen fanm ki rete epi responsablite domestik epi swen; oswa dirèkteman paske patisipasyon fanm yo enplike yon ogmantasyon nan travay domestik ak swen anvan aktivite yo oswa evantyèlman delegasyon an bay lòt fanm, kit yo travayè domestik, pitit fi, manman, sè epi evantyèlman gason.

Mezi sa a pral ede sansibilize sou kontribisyon travay domestik epi swen nan egzekisyon aktivite CLADE epi li pral tou yon aparèy pedagogik pou dyalòg entèn ak donatè yo.

Lè y ap fè fas ak aktè ekstèn yo, patnè tankou founisè yo dwe rekonèt epi respekte politik CLADE yo. Yo pral bay yon atansyon patikilye epi rekonesans Politik Enstitisyonèl sou Jan; Politik epi Angajman pou Prevni epi Konbat Asèlman, Abi epi Eksplwatasyon Seksyèl; epi Kòd Konduit CLADE nan **kontra** yo siyen yo.

IV. Endikatè suivi

Pou verifye dimansyon sijè ki abòde politik la, pral genyen endikatè pwogrè konsènan transvèsalizasyon jan nan CLADE ak manm li yo. Nan plan operatif yo, yo pral idantifye moun ki responsab pou garanti emplantasyon aksyon nan domèn jan nan rezo a epi kontwole endikatè yo.

Dimansyon	Endikatè
Planifikasyon estratejik	<ul style="list-style-type: none">● Prezans nan apwòch jan-an nan misyon-an, liy direktris yo, objektif ak estrateji nan rezo-a● Kantite kowòdinasyon oswa alyans ki eksprime revandikasyon fanm ak moun ki divès seksyèlman
Politiko-pwogramatik	<ul style="list-style-type: none">● Pousantaj aksyon pledwaye politik ki enkli pèspektiv jan yo● Kontribisyon rezo-a nan nenpòt desizyon gouvènmanal ki emplemente yon apwòch jan● Efè aksyon pledwaye rezo-a sou politik piblik an tèm de ranfòsman egalite jan● Kantite kanpay CLADE ki genyen yon apwòch jan● Parite jan nan tab evènman yo elabore pa rezo-a● Kantite investigasyon CLADE ki bay konesans sou pwoblèm jan nan edikasyon● Kantite pozisyon piblik CLADE ki konsantre sou jan
Politiko-enstitisyonèl	<ul style="list-style-type: none">● Politik enstitisyonèl CLADE sansib pou jan epi zouti pou



	<p>ranfòse pèspektiv jan</p> <ul style="list-style-type: none">● Parite jan nan enstans yo ki pran desizyon● Plan kòminikasyon ak pèspektiv jan● Materyèl odyovizyèl ak yon apwòch jan, non-seksis epi enklisif● Pousantaj dokiman ki adopte langaj enklisif● Katite fòmasyon yo bay manm yo sou jan● Revizyon anyèl aktivite planifye nan politik enstitisyonèl jan● Revizyon byenwèl de pwòp politik jan an men
Administrativo-finansyè	<ul style="list-style-type: none">● Politik ak pratik anbochaj ki sansib pou jan (tankou lisans matènite pou omwen 4 mwa, benefis pou pitit fi ak pitit gason kolaboratè yo ale nan sant gadri, elatriye)● Enklizyon yon kloz sou angajman ak egalite jan nan kontra CLADE● Prezantasyon politik jan epi lòt pwosesis tankou pledwaye ak pwodiksyon yon pati nan pwosesis endiksyon pou nouvo kolaboratè ak manm yo● Pousantaj nan bidjè anyèl la dedye aksyon pledwaye ak pwodiksyon konesans ak konsantre sou jan● Pousantaj nan bidjè anyèl la dedye aksyon pledwaye ak aksyon afimativ nan rezo a

V. Rekòmandasyon pou reitere konpwomi

- Transvèsalize epi presize apwòch jan nan tout aspè òganizatif nan rezo a.
- Ankouraje pwosesis pou tout Asanble CLADE la apwoprye li de Politik Enstitisyonèl Rejyonal Jan.
- Kenbe aktif GT Jan CLADE la, kontwole pwogrè nan emplantasyon nan apwòch jan nan rezo a, menm jan tankou pwomosyon fòmasyon, echanj nan aprantisaj epi refleksyon estratejik.
- Ofri sipò teknik ak sipèvizyon pou emplantasyon politik la nan Kowòdinasyon Rejyonal la epi nan manm yo.
- Fè antre aktivite yo prevwa nan politik la nan plan operatif anyèl yo ak siveyans anyèl emplantasyon aktivite sa yo.
- Vizibilize pèspektiv jan nan pozisyon piblik, evènman, fòmasyon ak rechèch rezo a.
- Revize chak dezan Politik Rejyonal Enstitisyonèl jan pou amelyore li jan sa nesèsè.
- Aliye planifikasyon manm rezo CLADE yo ak Politik Rejyonal Enstitisyonèl jan yo.
- Si li fè sans, repwoudi eksperyans nan kreye GT entèn jan nan manm yo, pou ranfòse tou pèspektiv jan nan direksyon baz yo.



VI. GLOSÈ

ANDWOSANTRIS

Konsepsyon reyalite ak vizyon mond lan ki mete lòm kòm sant tout bagay. Nan yon sosyete androsantrik, maskilen an se sèlman modèl referans, kite fanm nan wòl sibòdone, sa ki lakòz envizibilite yo epi inegalite nan pouvwa ak dwa.

ASÈLMAN SEKSYÈL

konstitye yon zak diskriminatwa epi vyolan ki baze sou jan, nan nati fizik, vèbal ak non-vèbal, ki ka ekspriye de fason vityèl oswa an pèsòn, ki gen enpak nan nivo pèsònèl, familial ak nan travay, ki afekte sikolojikman viktim nan ak anviwònman familial. Li sitou afekte fanm epi moun ki gen divèsite sekso-jenerik, akòz repwodiksyon wòl epi estereyotip jan.

ABI SEKSYÈL

Se nenpòt aktivite seksyèl ki fèt ant epi moun san konsantman youn nan yo. Li se enpozisyon yon zak oswa obsèvasyon yon zak seksyèl, erotik oswa erotiko-seksyèl sou yon moun, san yo pa nesèsman rive nan relasyon seksyèl koital la.

BINARIS JAN AK/OSWA SÈKS

Binaris jan-an ak/oswa sèks la se yon kwayans ki pa respekte divèsite imèn, konsevwa ke nan diferan sosyete yo gen sèlman de ekspresyon de sèks ak jan diferan e opoze – feminen ak maskilen an -, yo asiyen tout moun nan moman nesans yo ki baze sou karakteristik kòporèl yo.

EKA JAN

Se yon mezi estatistik ki montre jeneralman distans ki genyen ant fanm epi gason pa parapò ak yon sèten endikatè (opòtinite pou jwenn aksè nan yon dwa, resous ekonomik, sosyal, kiltirèl, ak politik, pami lòt). Analiz brèch la fè li posib pou mezire inegalite nan diferan domèn.

SIJAN

Yon moun ki aliye li ak sèks epi jan yo te asiye sosyalman nan moman nesans li.

SISEKSIS

Ideoloji oswa kwayans ki etabli konkòdans ki genyen ant sèks yo asiye nan nesans la, idantite sèks epi ekspresyon moun se sèl kondisyon natirèl, etik ki valab, sosyalman lejitim epi akseptab. Se poutèt sa, li inyore ak diskalifye lòt idantite, ekspresyon epi eksperyans jan, tankou moun trans, entèseksyèl oswa non-binè.

KONSTRIKSYON SOSYAL AK KILTIRÈL

Entèpretasyon oswa idealizasyon yon reyalite, asime epi nòmalize pa yon kolektif sosyal, istorik epi kiltirèl espesifik.



DISKRIMINASYON JAN

Politik, bidjè, aktivite oswa konpòtman ki entansyonèlman oswa san entansyonèlman favorize kèk jan oswa oryantasyon seksyèl, ki agrave inegalite jan yo.

DIVÈSITE

Rekonesans, akseptasyon ak selebrasyon diferans ki genyen nan kretyen vivan, bèt yo epi plant yo, kit gen rapò ak jan, oryantasyon seksyèl, laj, nasyonalite, ras, etnisite, kapasite, estati sosyoekonomik, kwayans relijye, opinyon politik, pami lòt ankò.

DIVÈSITE SÈKSO-JENERIK

Rekonesans sèks tankou jan gen ekspresyon miltip pi lwen pase binom fanm/gason an.

DIVIZYON SEKSYÈL NAN TRAVAY

Sosyete yo souvan separe travay yo bay gason epi fanm baze sou faktè ekonomik, teknolojik, demografik, kiltirèl, ideyolojik, oswa lòt faktè. Separasyon sa a ka plis oswa mwens rijid. An jeneral, aktivite travay fanm yo fè yo gen mwens valè epi yo repwoudi estereyotip jan yo, sa ki fè li difisil pou fanm yo jwi totalman dwa yo epi reyalize otonomi ekonomik lan.

APWÒCH/PÈSPEKTIV JAN

Apwòch jan an konstitye yon koutje konplè sou kondisyon lavi moun yo ap dewoule nan yon sosyete bay, ak fason yo konstwi ak negosye baze sou idantite ak ekspresyon seksyèl epi jan chak moun. Apwòch jan-an vizibilize faktè ki mete sèten moun nan sitiyaasyon dezavantaje akòz idantite jan yo ak/oswa oryantasyon seksyèl yo. Yon apwòch transfòmatis jan ap chèche non sèlman mete aksan sou, men tou chanje kondisyon sa yo nan diskriminasyon, dezekilib pouvwa, estereyotip, nòm, elatriye, nan yon lide pou benefisyè chak kretyen vivan, bèt yo epi plant yo epi limanite tankou yon kolektif.

EKITE JAN

Li se rechèch pou trètman egal nan kondisyon pou moun ki gen diferan idantite jan ak oryantasyon seksyèl, konsidere diferans yo nan dwa ak opòtinite yo. Sa a se yon eleman enpòtan pou reyalize egalite ant moun, ki vle di adopsyon de mekanis pou transfòme disparite ki egziste deja. Yon egzanp de mezi nan direksyon sa a se "aksyon afimativ", tankou kota pou patisipasyon fanm nan pati politik yo.

ESTEREYOTIP JAN

Se kwayans, imaj mantal, nòm sosyal, definisyon oswa atant senplifye sou wòl, konpòtman, karakteristik ak atribi yo rekonèt kòm "maskilen" oswa "feminen". Li se yon pati nan pwosesis sosyalizasyon an pandan fi epi gason yo konfigirasyon yo epi asime idantite feminin epi maskilin. Yo souvan itilize estereyotip pou jistifye diskriminasyon jan.

ESKLIZYON

Esklizyon se pwosesis ki anpeche sèten moun oswa gwoup reyalize dwa yo. Kòz esklizyon yo genyen inegalite nan distribisyon resous ak pouvwa, nan valè yo bay diferan gwoup, ak nòm sosyal ki perpetre diferans sa yo.

EKSPRESYON JAN



Fason yon moun kominike ekstèn maskilinite ak/oswa feminite atravè aparans fizik li (pa egzanj, atravè rad, kwafi, itilizasyon kosmetik, jès, lapawòl, ak modèl konpòtman).

FEMINIS

Li se yon seri teyori sosyal ak pratik politik ki mete aksan ak kesyone inegalite ant sèks ak jan. Pwen depa feminis la se prèv ke fanm yo gen yon pozisyon sibòdone nan sosyete a, yon pwodwi nan sistèm patriyakal la, e ke simonte kondisyon sa a ta benefisyè limanite annantye. Gen kèk ekspresyon feminis yo se feminis kiltirèl, feminis radikal, ekofeminis, feminis kominotè, feminis liberal, feminis diferans, feminis maksis, feminis separatis, feminis filozofik, pami lòt ankò.

FAMILIS

Li konsiste nan idantifikasyon fanm-moun ak fanm-fanmi an, kòmsi wòl li nan nwayo fanmi an se sa ki detèmine egzistans li e kidonk bezwen li, fason yo pran an konsiderasyon, etidye oswa analize l. Li refere tou a konpreyansyon nan fanmi an soti nan sèlman yon modèl fanmi ak kòm si aktivite yo nan moun ki konfòme yon fanmi pa t gen enpòtans.

JAN

Sèks se yon konstriksyon sosyal ak kiltirèl nan atribi pèsonalite, atitud, valè, konpòtman, pratik ak senbòl yo asiye nan maskilen ak sa ki feminen, ki elabore apati karakteristik seksyèl, oryantasyon seksyèl, idantite jan ak ekspresyon jan. Konsèp jan ede rekonèt ke diferans jan yo pa bay pa lanati, men yo aprann pa chak moun pandan pwosesis sosyalizasyon yo, ki rive nan kontèks espesifik sosyal, istorik, kiltirèl ak politik - ki, se poutèt sa, yo varyab. Lòt kritè enpòtan pou analiz sosyokiltirèl yo se klas, ras, etni, laj, andikap, pami lòt ankò.

JINOPI

Li se yon manifestasyon androsantris ki refere a reyalite pou envizibilize sa ki feminen. Se enposiblite pou wè sa ki feminen oswa eksperyans feminin. Yo itilize li sitou nan domèn legal pou refere omisyon pèspektiv fanm yo nan ka vyolans jan.

ASÈLMAN SEKSYÈL

Aksyon ki vize pou egziye, manipile, fòse oswa fè chantaj seksyèlman moun ki gen sèks opoze oswa menm sèks, sitou lè gen yon relasyon pouvwa inegal ant yo. Li se sou konpòtman seksyèl endezirab, ki afekte diyite moun ki asele a.

ETEWONÒMATIVITE

Li se kwayans ke gen sèlman jan (gason epi fanm) epi ke relasyon seksyèl ak matrimonyal yo pi apwopriye lè yo rive nan yon sèl pè. Li afime wòl sistèm patriyakal la epi li konekte ak etewoseksis, ki refere a enpozisyon etewoseksyalite kòm sèl ekspresyon nòmal ak akseptab nan seksyalite, ki bay espas pou prejije epi diskriminasyon.

IDANTITE JAN

Sansasyon pwofon anndan yon moun fanm oswa gason, idantifye ak yon lòt jan, oswa yon jan altènatif oubyen konbinezon de jan. Idantite jan yo ka koresponn oswa pa ka koresponn ak sèks yo bay nan nesans la.

EGALITE JAN



Egalite ant jan yo pral posib sèlman si yo reyalize egalite de dwa, responsablite ak opòtinite pou tout moun, kèlkeswa idantite jan, oryantasyon seksyèl, ekspresyon jan ak karakteristik seksyèl. Sa depann de yon aksyon politik konsyan k ap chèche simonte diskriminasyon ak inegalite yo.

EMBRİKASYON DE OPRESYON

Patriyaka, rasis, kapitalis, kolonyalis se sistèm dominasyon ak opresyon ki konstwi sosyalman, ki yerachize valè lavi a, ki baze sou sèten karakteristik pèsònèl oswa kolektif, ki bay moun yo yon kantite pouvwa inegal. Sistèm opresyon sa yo mare e youn ranfòse lòt pou apwofondi inegalite sosyal yo.

ENTÈSEKSYONALITE

Pwopozè an 1989 pa feminis nwa Kimberlé Willams Crenshaw, li se yon konsèp ki etidye pèsèpsyon pouvwa kwaze nan kò rasyalize yo. Li se yon zouti analitik ki ede konprann ke, anplis jan, lòt dimansyon tankou etni, klas, orijin jewografik oswa andikap ki gen rapò ak kreye entèseksyon nan opresyon ak vyolans espesifik, ki pa ka adrese nan fòm izole, pito yo dwe konfwonte pa politik espesifik.

ENSTITISYONALIZASYON

Li refere a pwosesis sistematik entegrasyon yon valè nan woutin travay yon òganizasyon, sa ki lakòz jenerasyon pratik ak règ ki sanksyone ak kenbe pa volonte jeneral sosyete a. Konsènan enstitisyonalizasyon pèspektiv jan, li chèche reòganize pratik sosyal ak enstitisyonèl ki baze sou prensip egalite jiridik ak egalite jan.

JISTIS JAN

Sa vle di ke tout moun, kèlkeswa jan yo, gen menm aksè ak kontwòl sou resous yo; kapasite pou egzèse chwa nan lavi yo, ansanm ak dispozisyon pwovizyon pou remède inegalite jan sa nesesè. Yon angajman pou jistis sèks vle di pran yon pozisyon transfòmatif kont diskriminasyon jan, esklizyon ak vyolans ki baze sou jan.

LANGAJ SEKSIS

Lang se yon enstriman fondamantal nan limanite paske li pèmèt kominike ak viv nan sosyete a, men li se tou youn nan fason prensipal yo emèt ak repwodui prejije ak estereyotip. Nan pifò kilti, lide maskilen an parèt kòm santral nan langaj lan, pandan sa ki feminen an parèt kòm majinal, ki souvan eskli epi jenere diskriminasyon pa rapò ak fanm.

MACHIS

Atitud oswa kwayans ki etabli gason yo natirèlman siperyè fanm yo. Li refere a yon seri atitud, konpòtman, kwayans epi pratik sosyal kote yo ankouraje egzaltasyon epi prevalans gason an detriman fanm yo.

MASKILINITE

Yo se karakteristik patikilye ak espesyal nan chak moun, ki fè yo ekspriye nan diferan fason. Konsèp maskilinite ejemonik la te itilize depi 1985 pou refere a yon konpòtman maskilen ki te rive enpoze tèt li, gaye lide ke gason yo siperyè fanm, fò, asètif, vyolan, pa montre emosyon yo, yo responsab pou bay ekonomikman fanmi yo epi yo pa patisipe nan travay yo nan kay la oswa nan edikasyon timoun yo. Maskilinite emèjan yo opoze ak pèspektiv sa a, prezante diferan modèl sou sa li se yon gason, ak plis libète pou ekspriye emosyon yo, pran responsablite pou travay pran swen ak pataje pwovizyon ekonomik la nan fanmi an.



MIZOJINI

Mizojini konsidere kòm manifestasyon androsantris. Se yon atitud rayisman ak rejè fanm ak/oswa tifi ki baze sou yon ideyoloji machis, ki pèsevwa fanm kòm èt imen enferyè e, kidonk, sibòdone yo nan wòl yo. Youn nan konsekans mizojini se feminisid.

ORYANTASYON SEKSYÈL

Pwofon atraksyon emosyonèl, afektif, epi seksyèl chak moun devlope, epi dezi a angaje yo nan relasyon entim epi seksyèl ak moun ki gen yon sèks diferan, ki gen menm sèks, oswa ki gen plis pase yon sèks.

PATRIYAKA

Sistèm yerachi nan relasyon sosyal, politik epi ekonomik ki, lè l sèvi avèk diferans byolojik seksyèl ak siyifikasyon jenerik li kòm yon eskiz, etabli, repwodui, epi kenbe gason kòm yon paramèt nan limanite, akòde yo yon seri privilèj, epi enstitisyonnalize dominasyon gason sou fanm. Se yon sistèm sosyal ki baze sou apwopriasyon, konsantrasyon epi monopolizasyon pouvwa ak otorite bò kote gason sou fanm ak lòt gason. Li se yon eleman orijinal dinegalite, epi li karakterize kòm yon òganizasyon sosyal kote gason egzèse otorite nan tout domèn, asire transmisyon pouvwa ak eritaj atravè liy maskilen-an.

PARITE

Estrateji ki vize garanti yon patisipasyon ekilibre fanm ak gason nan tout domèn sosyete a. Nan pratik, egalite tradui kòm ouvèti plis espas patisipasyon pou fanm yo. Li gen rapò ak nesosite pou ogmante aksè fanm nan pran desizyon ak pozisyon lidèchip.

POLITIKS AK BIDJÈ KI SANSIB A JAN

Simonte diskriminasyon jan emplikue chanjman kiltirèl, men tou efò politik konkrè, tankou emplantasyon nan politik piblik espesifik pou sa. Priyorite Leta yo bay liy aksyon yo reflekte nan bidjè nasyonal yo, kidonk li esansyèl pou bidjè domestik yo gen ladan pwogram, pwojè, ak aktivite ki idantifye ak adrese bezwen diferan moun epi chèche opòtinite egal-ego ak fon sifizan ak endikatè dezagrege pa sèks pou mezire pwogrè konkrè yo.

TRANSFÒMASYON JAN

Mezi ak aktivite ki eksplisitman chèche korije inegalite jan yo, elimine baryè estriktirèl epi otonomize popilasyon defavorize yo.

PLAFON AN KRISTAL

Yon plafon an kristal defini kòm yon baryè envizib ke fanm yo rankontre lè y ap eseye avanse nan nenpòt pwofesyon, menm lè yo egalman oswa pi byen kalifye pase gason, anpeche yo rive nan pozisyon wo nan enstitisyon prive, piblik oswa politik. Pa gen okenn règ espesifik, lwa oswa kòd ki enpoze sou yo pou limite yo pwofesyonèlman, men se pito règ non-ekri, ki sòti nan estereyotip epi konstriksyon sosyal epi kiltirèl yo.

SEKSIS

Diskriminasyon oswa prejije ki baze sou sèks ak/oswa jan yon moun. Li jeneralman refere a kwayans - ki baze sou yon seri mit ak mistifikasyon - ki pran gason kòm yon modèl imen oswa nan siperyorite sèks gason an.